



**Kesyon Yo Souvan Poze sou Pèmi Distribisyon Literati (dokiman alekri) nan Staten Island  
Ferry an**

1. Konbyen tan sa pran pou trete yon aplikasyon pou pèmi?
  - a. Trètman Aplikasyon pou Pèmi an pran twa (3) jiska senk (5) jou ouvrab.
2. Kijan yo delivre pèmi yo?
  - a. Yon sèten kantite pèmi delivre chak jou sou baz *premye vini, premye sèvi*, epi awobasyon an pa garanti.
3. Ki kantite maksimòm moun mwen ka mennen avèk mwen?
  - a. Pèmi Distribisyon Literati – pa plis pase twa (3) moun ki otorize pou distribye literati anba menm pèmi a.
4. Èske mwen ka distribye manje ak rad?
  - a. Non, distribisyon manje ak rad entèdi nan tèminal nou yo ak sou transbòdè maritim nou yo.
5. Èske mwen ka distribye nenpòt kalite literati?
  - a. Nou pa otorize distribisyon literati ki fè piblisite pou alkòl sou pwopriyete Vil la (Dekrè Egzekitif 44 NYC).
6. Èske nou founi pakin pou moun ki gen pèmi yo?
  - a. Non, nou pa founi pakin pou moun ki gen pèmi yo.
7. Èske mwen ka itilize tab oswa akseswa pou distribye literati?
  - a. Non, tab, estrikti, chevalè, trepye, oswa nenpòt akseswa li t a ye a pa otorize.
8. Èske ou ka esto ke afè nou yo pandan n ap itilize pèmi nou an?
  - a. Non, nou pa founi estokaj pou moun ki gen pèmi yo.
9. Èske gen yon lè limit pou mande yon pèmi?
  - a. Pèmi Distribisyon Literati - pa gen okenn limit kanta entèval tan w gen devan w lan. Sepandan, gen yon limit senk (5) demann dat pa aplikasyon.
  - b. Pèmi yo pa delivre nan dat 11 Septanm, nan Five Boro Bike Tour lan, nan NYC Marathon nan, oswa nenpòt angajman ki esponnsorize pa Vil/Ajans.
10. Èske nou ka distribye literati nenpòt kote nan tèminal yo ak transbòdè maritim yo?
  - a. Ou ka mande pou w distribye literati sèlman nan tèminal Whitehall lan, St. George lan, oswa toude.